*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 225 (25954)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 6 декабр — цыппурсы мæйы 6 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КОНКУРС *Раздзогтæн — кад*

3 ÆХСÆНАД *Æргом ныхас — ахсджиаг фарстатыл*

4 ДИКТАНТ *Зонындзинæдтæ сбæрæг сты*

Хæрзиуджытæ

## Æрыгон лауреаттæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО дипломтæ æмæ æхцайы премитæй схорзæхджын кодта, наукæ æмæ техникæйы къабазы нæ республикæйы æрвылазон конкурсы уæлахиз кæй къухы бафтыд, уыцы скъолаты ахуырдзаутæ æмæ æрыгон ахуыргæндтæ-специалистты.**

Конкурсмæ хаст æрцыд 13 наукон проекты медицинæ, биохими, физикæ, экологи æмæ æндæр темæтыл. Нæ республикæйы Сæргълæууæг æрыгон фæлтæримæ зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхасы фæнысан кодта, амондджын фидæн аразыны хъуыддæгты, фыццаджыдæр, наукæйы рæзтмæ кæй хъæуы æргом здахын.

— Æнæ наукæйæ нæй размæ цæуæн. Тынг æхсызгон мын у, æмæ сæрыстыр дæн, курдиатджын æрыгон фæлтæр нæм кæй ис, уымæй. Ныридæгæн, ахæм æвзонджы кары уæ къухы цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд, уыдон уын наукæйы бæрзæндтæм схизыны къахдзæфтæ сты. Ис уæм бæллицтæ, хорздзинæдтæм тырнæг фæсивæд стут, æмæ уын мах дæр æххуыс кæндзыстæм, кæм бахъæуа, уым. Раст фæндаг равзæрстат æмæ йыл фæрнæй цæут, — загъта Сергей Меняйло.

Скъоладзауты къорды номинацийы, Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуырдзау **Чивиты Азæмæтæн** преми лæвæрд æрцыд йæ конкурсон темæ "Разработка комплексного растительного препарата с заданной нейротропной активностью"-йы фæдыл. Азæмæт, ахъаззаджы хос кæй хонæм, уыцы кæрдæджыты къордæй сарæзта уæлæмхасæн компоненттæ æмæ бакуыста, адæймаджы организмыл куыд ахадынц, ахæм иртасæн куыст. Дзæуджыхъæуы 26-æм скъолайы ахуырдзау **Эрик Медведев** та сарæзта, "полупроводниковый прибор" кæй хонынц, уый. Пайда дзы кæнынц электронон къабазы ахуырадон системæйы æмæ алыхуызон техникон къордты куысты. Фæсивæды инновацион центры авторон коллективы къорд: **Гулуты Азæмæт, Мæхъиты Алыксандр, Харебаты Георги, Мæрзойты Сослан, Годжыцаты Алыксандр** конкурсы лауреаттæ систы сæ проект "Приложение для создания чертежей в векторной графике"-йы тыххæй. Æвзонг ахуырдзаутæ бакуыстой, æнæ уæлдай лыггæгтæй (обрезки) фанерæй къоппытæ æмæ контейнертæ аразынæн сæрмагонд программæйыл.

Номинаци "Æрыгон ахуыргæндтæ æмæ специалисттæ"-йы та диплом æмæ æхцайы премийæ хорзæхджынгонд æрцыд: Дзæуджыхъæуы наукон центры специалист **Дзампаты Жаннæ**. Уый бакуыста, пародонтит дзæбæх кæныны хъуыддаджы, нæ республикæйы фæзуатыл цы хосгæнæн кæрдæджытæ зайы, уыдонæй комплексон мадзæлттæ аразыны фæдыл æмæ Дзæуджыхъæуы наукон центры авторон коллективы къорды минæвæрттæ **Кетеван Корбесова** æмæ **Дзоблаты Лаурæ** та сарæзтой, Дзæуджыхъæуы экологи æмæ уæлдæфыл транспорты æппæрццæг хауæццæгтæ æвзæрæрдæм куыд ахадынц æмæ цавæр ахъаззаджы мадзæлттæ саразæн ис ацы фарстамæ биноныг цæстдарыны фæдыл, уый тыххæй сæхи проекты картæ.

Конкурс арæзт цæуы, техникæ æмæ наукæйы къабазмæ зынгæ æвæрæн чи хæссы, нæ экономикæйы рæзтæн ног технологитæ æмæ методикæйы бакуыстыл чи архайы, уыцы æрыгон ахуыргæндтæ æмæ специалистты æнтыстдзинæдтæн аргъ скæныны фæдыл.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Ахуыргæндтæ зæгъынц

## Кусæг къухтæ — кадавар

**Экспертæ куыд зæгъынц, афтæмæй Уæрæсейы, сæ нымадмæ гæсгæ, кусæг къухтæ 2030 азмæ нæ фаг кæндзæн дыууæ-цыппар милуан адæймаджы.**

2028-2023 азты куыстдæтджыты 38 милуан вакансийы тыххæй анализы бындурыл уыдон зæгъынц, нырыдæгæн Уæрæсейы кусджытæ нæ фаг кæны: куыстдæтджыты мыхуыргонд ваканситы нымæц сырæзыд 1,8 хатты, цы мызд сын хъуамæ фидой, уый бæрц та дыууæ хатты фæфылдæр.

Иртасæн куысты авторты хъуыдымæ гæсгæ, "Уæрæсе æрлæууыд кадрты кадавар æмæ зынаргъ куысты" фæндагыл. Куыд нымайынц, афтæмæй амалхъомты хъæуы дзæн мызд фæфылдæр кæнын æмæ куысты уавæртæ фæхуыздæр кæнын, ахуырадон уагдæттимæ æмгуыстад рацаразын.

Цæгат Ирыстоны Куыстдæттæг комитеты куыд зæгъынц, афтæмæй æрвылмæй куысты бынæтты базæйы вæййы 1200 бынаты, уыдонæн се 'рдæг — кусæг дæсныйæдтæ: хуыйджытæ, шофыртæ, слесыртæ, хъармгæнæнты оператортæ, дуканигæстæ, хæринаггæнджытæ, официанттæ æмæ æндæртæ. Уæлдай тынгдæр, специалисттæ куыд нымайынц, афтæмæй хъæуынц хуыйджытæ.

**КОЧИТЫ Альбинæ**

Цæлхæмбырд

## Кæстæрты хъомыл кæныны хъуыддаджы лыстæг фарстатæ нæй

**Нæ гыццыл ахуырдзаутæн хъарм хæринаг дæттыны фарстайыл нæ республикæ архайы 2020 азæй фæстæмæ, æмæ æнæбафиппайгæ нæй, уавæр ацы хъуыддаджы азæй-азмæ хуыздæр кæй кæны, уый.**

Фарстайыл ногæй æрныхас кæныны æмæ дзы цы лыггæнинаг фарстатæ баззад, уыдон алыг кæныны нысанимæ Парламенты ахуырады, наукæйы, культурæ æмæ информацион политикæйы комитет сарæзта цæлхæмбырд. Йæ темæ уыд: "Скъоладзаутæн хъарм хæринаг лæвар дæттыныл ныхас кæм цæуы, "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы ахуырады тыххæй"



мæн дæр уыд хæрзад хойрагæй саходыны бар, æмæ фынгты бæркад æмæ хæринæгты хæрзхъæддзинадæй алчидæр разыйæ баззад.

Æмбырд æмæ хæринæгты равдыст арæзт æрцыдысты Дзæуджыхъæуы 11-æм астæуккаг скъолайы. Уым цæмæн, уый тыххæй, æмбырд гом кæнгæйæ, йæ разныхасы загъта Тускъаты Таймураз:

— Бындурон цалцæджы фæстæ 11-æм скъола йе 'ддаг бакаст, йæ хуыз бынтондæр раивта, уæдæ дзы ахуыр кæнынæн арæзт æрцыд дзыхъхъынног уавæртæ. Уыдæттæ дзурæг сты,



Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы уыцы закъон æххæст кæныны тыххæй".

Æмбырды архайджытæ уыдысты Парламенты депутаттæ, сæ сæргъы — Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, афтæмæй, паддзахадон хицауады федералон фæзуатон оргæнты, стæй Дзæуджыхъæуы æмæ районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты минæвæрттæ, фарстайыл дзуапдæттæг министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, скъолаты директортæ, ныййарджыты комитеттæ æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ.

Æмбырд райдайыны размæ йæ архайджытæ базонгæ сты, нæ гыццыл ахуырдзаутæн скъолайы се 'рвылбоны фынгыл чи вæййы, уыцы хæринæгты, стæй сæ цæмæй кæнынц, уыцы продуктты равдыстимæ. Алкæ-

паддзахады 'рдыгæй ахуырады къабазмæ цы цæстæнгас ис æмæ рæзгæ фæлтæры æнæниздзинад æмæ ахуырадыл куыд узæлы, ууыл. Уымæй уæлдай, Дзæуджыхъæуы 11-æм скъола у ирд цæвиттон, ахуырады къабаз нæ республикæйы куыд рæзы æмæ йæ гæнæнтæ фылдæр куыд кæнынц, уымæн.

(Кæрон 2 фарсыл)

Мæздæджы районæй

## Бынæттон цæрджыты фæндæттæм гæсгæ

**Мæздæджы районы, Хъызлары хъæуы, проект ”Нырыккон горæты фалдзустæ рацаразын”-ы фæлгæты, банывыл кодтой Уæлахизы æвдай азы номыл парк. Проекты фыццаг къæпхæны фидæны парчы фæзуат— æхсæз гектары — ссыгъдæг кодтой, уый фæстæ куыстытæм бавнæлдтой ландшафтон архитектортæ.**

Парчы проект сарæзтой бынæттон цæрджыты фæндæттæм гæсгæ, стæй ма хыгъд æрцыдысты климæты хицæндзинæдтæ æмæ, паркæн кæй равзæрстой, уыцы зонæйы нысан. "Афтæмæй дзы сарæзтой фистæгæй цæуджытæн фæндæгтæ æмæ асфальтæй æхгæд фæндаг велосипедисттæн. Фæзуаты сæвæрдтой фæллад уадзынмæ бандæттæ æмæ бырондæттæ. Парчы светодиодон рухсгæнæнтæ ныссагътой. Фæзуат æрæхгæдтой æфсæйнаг быруйæ, зæхх дурæй бамбæрзтой, — фехъусын кодтой Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады.



Парчы фæзуаты ма хæстæгдæр рæстæджы фæзындзысты тренажерон æмæ спортивон фæзтæ.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Нысантæ

## Сарæзтой ног хид

**Цхинвалы ”Цæгатаг” микрорайоны байгом кодтой ног хид. Хуссар Ирыстоны Президент ГАГЛОЙТЫ Алан арæзтад æмæ фæндæгты эксплуатацийы комитеты минæвæрттимæ бабæрæг кодтой фæндаджы æмæ хиды арæзтад, федтой куыстыты хæрзхъæддзинад.**

Комитеты сæрдар **Гæбæраты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй хиды арæзтад бацахста цыппар мæйы. Кæд сæ зæрды дыууæ мæйы бакусын уыд, уæддæр. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæ бахъуыд дыууæ метры бæрц арф нықкъахын. "Ам уыд æцæг цъымара, уымæ гæсгæ дзы арæзтадон æрмæг æркæнæн нæ уыд. Бахъуыд нæ хуыр æмæ дзæххор ныккæнын цалдæр фæлтæры. Уый фæстæ йæ ралæгъз кодтам æмæ йыл бетон сæвæрдтам. Науæд асфальт бынмæ ныккалдаид. Ныр фæндаджы фидардзинадыл æууæндæм", — загъта Гæбæрайы-фырт.



Фæндаджы ног хайы дæргъ у 550 метры, хиды уæрх — 12 метры, фæндаджы уæрх — 8 метры. Паддзахады разамонæг разыйæ баззад куыстытæй, чидæриддæр дзы архайдта, уыдонæн бузныг загъта. Фæндаггонты æдасдзинады тыххæй бафæдзæхста рухсытæ сæвæрын. Ацы хидæн уыд цавæрдæр æнахуыр сконд, йæ уæрх, трассæйы фæзилæн раст нæ уыдысты. Шофыр нæ уыдта йæ ныхмæ змæлæг машинæйы æмæ арæх аваритæ кодтой.

Апрелы Президенты уынаффæйæ ног хиды арæзтадмæ бавнæлдтой. Фæндаджы ног хай æмæ ног хид сарæзтой Президенты æххуысæй æмæ республикæйы мидæггаг бюджеты фæрцы.

**Нæ уацхæссæг**

Бынæттон хиуынаффæйад

## Адæмы удæнцойдзинадæн

**Дзæуджыхъæуы дарддæр аивгонд цæуынц, Вахтанговы хæдзармæ хæстæг, Терчы доны былгæрæттæ. Куыстытæ цæуынц федералон программæйы бындурыл.**

Горæты администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеславы** ныхасмæ гæсгæ, нырыдæгæн цалцæггонд æрцыдысты æртæ асины, стæй рынчынтæ æмæ сывæллонджын мадæлтæ сæ коляскæтимæ кæмæй пайда кæндзысты, уыцы пандус. Къахвæндæгтæ саив кодтой иу мин квадратон метры дурæй.

Афæдзы кæронмæ сцалцæг кæндзысты, Терчы сæрты, завод "Электроцинчы" раздæры хид дæр. Ныртæккæ специалисттæ фидар кæнынц хиды дæллаг хай æфсæйнаг конструкцитæй, ногтæй ивынц гæрæнтæ æмæ къахвæндаг. Кæронбæттæны хид сфидаудзæн декоративон хуызджын цырæгътæй.

Уыцы-иу рæстæг цалцæггæнæн куыстытæ цæуынц кæсæн фæзы, йæ алыварс ын рæсугъд сæхгæндзысты.

2024 азы горæты разамынд сфæнд кодта, Терчы былгæрæттæ саив кæнын "Цæнгæт хидæй" "Соляный" кæй хонынц, уыцы цæхгæрмæуынгмæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

### Дзырды фарн

*Бæндæнæн йæ даргъ хорз у,*
*ныхасæн – йæ цыбыр.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Боныхъæд** **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 декабры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **0-5 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **1-3 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,08

**Хурыскаст** — 07,16
**Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 92,11↑
**Евро** — 99,72↑

12+

Æхсæнад

# Æргом ныхас — ахсджиаг фарстатыл

**Абон æхсæнады размæ цы фарстатæ лæууы, уыдонæй кусын ”Иры Стыр Ныхас”-æн уæлдай ахсджиаг у.**

**”Иры Стыр Ныхас”-ы Координацион советы сæрдарæй æвзæрст æрцыд, республикæйы цæрджытæ хорз кæй зонынц, йæ æхсæнадон æмæ закъонаразæг архайд ахадгæ кæмæн сты, уыцы УАТАТЫ Зелим. Кæд æмæ рæстæг уыйас бирæ нæма рацыд, уæддæр йæ бавнæлд бæрæг у. Æмбæлы хистæртимæ, кæстæртимæ æмбаргæ ныхас кæны. Фæнды йæ Ирыстоны нырыккон цардмæ ивддзинæдтæ бахæссын.**

Ирон адæмы XI съезд нысанмæ гæсгæ хъуамæ ацыдаид 2022 азы, фæлæ йын Координацион совет йе ‘мгъуыд куы фæфæстæдæр кодта, уæд иунæг Уататы Зелим не сразы уыцы уынаффæимæ. Æрцыд æхсæнады ахсджиаг фарстатыл æрныхас кæныны рæстæг, æмæ дзы спайда кæнын хъæуы, — ахæм уыд йæ хъуыды.

— Съездæн йæ сæйрагдæр хъуыды хъуамæ уа ирон адæмы иудзинад, кæрæдзийыл бабæттын фæлтæрты. Алчидæр ыл хъуамæ куса — æппæты разæй бинонтæ, стæй уæд мыггæгтæ æмæ æнæхъæн Ирыстон. Æмæ йыл алы съезды дæр фæдзурæм, фæлæ дзы кæронмæ æппындæр ницы ахæццæ кæнæм. Бастдзинад фæзæгъæм, фæлæ ууыл фæвæййынц нæ рæсугъд хъуыдытæ æмæ фæндтæ.

Æз уымæй никæй зылын кæнын, нæхæдæг стæм иууылдæр аххосджын. Иуварс ааздадысты, растдæр дзургæйæ та, нæ айрох сты, раздæр кæрæдзимæ цы уарзон цæстæнгас дардтам, нæ кæрæдзийæн куыд аргъ кодтам, кæрæдзийы рыст куыд æмбæрстам, нæ цæхх æмæ кæрдзын куыд дих кодтам, царды уыцы фæзындтытæ. Æмæ нæ съезды хъуамæ уыцы фарстатæ дæр æрæвæрæм. Алы адæймагмæ дæр не ‘ргом раздахæм, не ‘ргом та уæд раздахдзыстæм, адæмимæ куы уæм, — зæгъы Уатайы-фырт.

Уататы Зелимы царды æхсæнадон куыст стыр бынат ахсы. Республикæйы Парламенты депутат, национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джиоты Георги** йæ хъуыдытæ зæгъы “Иры Стыр Ныхас”-ы Координацион советы сæрдары тыххæй: "Зелимимæ базонгæ дæн 4 азы размæ. Фыццаг хатт æй федтон фæсивæдон мадзалы æмæ йæ мæ зæрдыл бадардтон йæ раныхасæй. Ахæм арф, раст æмæ нæ адæмæн пайдайаг хъуыдытæ куы дзырдта, уæд ахъуыды кодтон: "Æцæг ирон лæг!" Ахæм хистæр æмæ зондамонæг, кæцыимæ цыфæнды хъуыддаджы дæр йæ фарсмæ балæууин. Æмæ уый канд мæ хъуыды нæу! Зелим нæ уарзы ахæм ныхæстæ, æппæлыны хуызы уайы, зæгъгæ, æмæ мын ныххатыр кæнæд, фæлæ йæ æз уынын æмæ хъусын, йæ зæрдæ Ирыстоныл куыд риссы, уый. Уынын, фæсивæдмæ цавæр цæст дары, æмæ мæм афтæ кæсы, ахæм фæтæг сæ кæй хъæуы царды мидæг æмæ куысты дæр. Ноджы ма йын иу хатт арфæ кæнын, "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдарæй æвзæрст кæй æрцыд, уыимæ. Стыр бузныг ын зæгъын, не ‘фсæддон лæппуты фарсмæ кæй ис фыццаг бонæй, уый тыххæй. Бирæ ма йын бантысæд Ирыстоны кадæн!"

Сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ фæсивæд куыд архайынц, уый тыххæй съезды хицæнæй зæгъын æмбæлы, æви нæ, — уымæй бафарстон Уататы Зелимы. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 2022 азы Уæрæсейы Президент Владимир Путин сæрмагонд æфсæддон операци расидт. Абон цы цæуы, уый алчидæр уыны æмæ уый дзуры рæстдзинадыл. Раст уаид, съезд уыцы ныхасæй куы райдаид. Кæд æмæ нæ паддзахады Президент Владимир Путин фæсидт Уæрæсемæ, уæд хъуамæ мах йæ фарсмæ æрбалæууæм, равдисæм нæ иудзинад, мæнмæ афтæ кæсы.

“Нæ кæстæртæй уым чи ис, уыдонæй æз бирæты зонын, мæ цæсты се ‘ппæт дæр сты хъайтартæ, стыр лæгдзинад æвдисынц, æмæ æхсæнады сæ кой куыннæ хъуамæ кæнæм? Кæд алы бынæттæй сты, уырыссæгтæ, ирæттæ, цæцæйнæгтæ æмæ ма



бирæ нациты минæвæрттæ, уæддæр иу адæмыхатты хуызæн цæрынц æмæ тох кæнынц знагимæ. Уыдон уым уый тыххæй сты, цæмæй Ирыстоны кæстæртæ дзæбæх цæрой. Хъуамæ алы адæймаг дæр ууыл хъуыды кæна, знаг ардæм куы ‘рбацыдаид, уæд уый куыд у? Уæдæ æз тынг разы дæн æмæ бузныг, нæ республикæйы цæрджытæй, хъæутæй,



æмхуызонæй не ‘фсæддонты, нæ хæстон лæппуты фарсмæ кæй æрбалæууыдысты, уымæй.

Æппæтадæмон змæлды архайд рацаразын, ног æмвæзадмæ йæ сисын, ууыл куыст ныридæгæн райдыдта. Ирон æгъдау, не ‘взаг æмæ культурæ — ацы æртæ фарстайы сæйрагдæр сты нæ куысты. Ирон æвзаджы фарстайыл нæ бакусын хъæуы тынг зæрдиагæй. Адæймаг ыл куы дзура æмæ куы хъуыды кæна, уæд рæдигæ дæр нæ кæндзæн. Бирæ мадæлтæ фыссынц куырдиæттæ, цæмæй йæ сывæллоны ирон æвзаг ахуыр кæнынæй суæгъд кæной. Уый у тынг худинаг. Фæлæ кæд ирон æгъдæуттыл сæ къух исынц, мадæлон æвзагыл, уæд сæ хонгæ дæр ма кæнæм, семæ дзургæ дæр ма кæнæм, салам дар сын ма дæттæм, афтæ сæ фæнды? Айразмæ мæм Туркæй дзырдта Хъуысаты Садреддин æмæ мын тынг æхсызгон уыд, сыгъдæг ирон æвзаг хъусын.

Змæлды архайд рацаразын, цы дунеон статус æм ис, ууыл лæмбынæгæй бакусын кæй хъæуы, уый абоны уавæрты у ахсджиаг. Айрох нæ ис, махæн нæ уставмæ гæсгæ кæй ис бирæ бартæ æмæ фадæттæ, цæмæй Ирыстоны цæрæг æмæ йæ фыдыбæстæйæ иппæрд чи у, уыцы ирон адæмы иудзинадыл кусæм. Цæмæй хъæхъхъæнæм, дунейы нымад чи у, уыцы национ удварны хæзнатæ. Мах абон нæ куыст парахат кæнæм æрмæст нæ республикæйы æмæ уый бынтон раст нæу. Фæтыхджындæр уыдзæн диаспорæтимæ æмæ ирон æхсæнадтимæ куыст. Уæдæ, фæахадгæдæр кæндзыстæм районты Ныхасты архайд, араздзыстæм фембæлдтытæ сæ сæрдартимæ, цæрджытимæ", — зæгъы Уататы Зелим.

Иуцасдæр рæстæг Æппæтадæмон змæлды куыст къуылымпыдзинæдтæ ‘ййæфта, кæстæртæ æмæ хистæртæ кæй фæхицæн сты, уымæн ис йæхи аххосæгтæ. "ИСН"-ы цур фæсивæдон комитет саразын рæстæджы домæн у, чи йæм бацæуудзæн, уыдоны номхыгъд ныридæгæн зындгонд у.

Нæ хъæздыгдзинад нæ кæстæртæ сты. Мах сæ ныууагътам æмæ æхцайы фæдыл агайæм, æвæццæгæн, бирæты зæрдæмæ нæ цæуы мæ ныхас, фæлæ уый у афтæ! Æмæ радзурæм, нæ кæстæртæ нæ бæззынц, кæд æмæ кæстæрты кой кæныс, уæд дæхи кой кæныс, дæхи æвзæрдзинадыл. Кæстæры дæ бон бафхæрын у уæд, исты йын куы баххуыс кæнай, раст фæндагыл æй куы сæвæрай, куы йын бацамонай царды ахæццæнтæ. Æмæ уый фæстæ куы рæдийа, уæд ын дæ бон зæгъын у йæ ном дæр, йæ мыггаг дæр. Æрбакæнын хъæуы кæстæрты, хъуамæ æмбарой, мах цы кусæм, нæ фæлтæрддзинадыл ахуыр кæной. Махæн нæ хæс у, нæ кæстæрты раст фæндагыл æвæрын, цæмæй сæм уа ирон æгъдау æмæ йæхи номыл ма хъуыды кæна, фæлæ йæ адæмы намысыл. Фенын, хистæртæ æмæ кæстæрты æвидауц ныхас, фæлæ æз ахæм кæстæртæн дзурдзынæн сæ нæмттæ, сæ мыггæгтæ æмæ-иу мадæлтæ-фыдæлтæ ма ныддис кæнæнт, цæмæ кæны нæ кой, мæ сывæллоны кой. Хорзæй дæр æппæлдзынæн, æвзæрæн дæр хионы ныхас зæгъдзынæн, раст нæ дæ, зæгъгæ. Кæстæр хæдзарæй куы цæуа, уæд ын ныййарджытæ хъуамæ уыной йæ ацыд дæр æмæ йе ‘рбацыд дæр. Ис нæм мыггаджы совет, йæ сæрдар **Æгкацаты Юри,** æмæ иумæ кæндзыстæм уыцы куыст. Сидын мыггæгты советтæм, цæмæй сæ фæсивæдимæ арæхдæр æмбæлой æмæ хъомыладон куыст кæной. Фæнды ма мæ, цæмæй, алы мыггаджы дæр цы хорз кæстæртæ ис, суинаг специалисттæ, дæсны профессионалтæ, уыдоны "Иры Стыр Ныхас"-ы номæй хорзæхджын кæнæм кадджын хæрзиуæгæй. Уырны мæ, уæд сæ царды къахдзæфтæ дæр æндæрхуызон уыдзысты, хуыздæр", — зæгъы Зелим.

Æргом дзырд, йæ ныхасæн хицау, ахæм у "ИСН"-ы Координацион советы сæрдар Уататы Зелим. Уыцы доммæнтæм гæсгæ йæ куыст кæй араздзæн, уый тыххæй загъта Координацион советы уæнгтæн æмæ йе ‘мкусджытæн дæр. Уатайы-фыртмæ æдзухдæр дзурынц республикæйы цæрджытæ сæ хъуыдытимæ æмæ фиппаинæгтимæ. Арæх æм æрвитынц интернеты хызæгæй ист æрмæджытæ нæ артисттимæ. Хъыгагæн, се ‘ппæт не ‘мбарынц, сæрибардзинад æмæ æнæпълан митæ иу кæй не сты. Уыцы фарстмæ Зелим тынг карз цæстæй кæсы, уæлдайдæр, артистмæ республикæйы кадджын ном куы уа, уæд æй куыд хъуамæ худинаг кæна, зæгъгæ. Аивады ахæм минæвæрттимæ дæр уыдзæн фембæлдтытæ æмæ ныхас, цæмæй сæ аивадуарзджытæн уой фæзминаг, аккаг сæ зарджытæй, сæ бакастæй. Уæдæ аивады фарстатыл та сæрмагондæй кусдзæн "ИСН"-ы цур культурæйы комитет.

Арæх æм æрбадзурынц кувæндæтты тыххæй фарстимæ. Хъыгагæн, раздæр уæвæн цæмæн нæ уыд, ахæм æнæуаг митæ сарæх сты: уæд мысайнæгтæ фесæфынц, уæд басудзынц. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, кувæндæттæ бахъахъхъæнын хъæуы. “Мысайнæгтæ дæр гæххæтт æхцайæ нæ хъæуы æвæрын, уымæн æмæ уæд æхцамæ лæбурынц. Уыдон сæ мысайнæгтæ нæ хонынц. Уæдæ ма нæм фæзынд хицæн мыггæгты кувæндæттæ дæр, зæгъæм, Хъаныхъуатæм, Елхоты бацæуæны. Кувæндон кæйдæр никуыма уыд. Æз уый фæдыл кæмæ нæ дзырдтон, ахæм нæй, чи йæ сарæзта, уыимæ дæр, æмæ мын загъта, мæ хæдзар, мæ бинонты дзы дарын. Мæхи хъуыды дæр, стæй алы ирон лæг дæр хъуыды кæны афтæ, æмæ уый стыр рæдыд у — кувæндон балхæн æмæ уырдыгæй мысайнæгтæ хæсс. Мысайнæгтæ æвæрд сты бирæ хъуыдытимæ æмæ уыцы хъуыдытимæ хъуамæ кувгæ дæр кæной. Иннæ хабар та, куывддон бынæттæм цы уæлæдарæсы цæуынц, уый у. Фыдæй фырты ‘хсæн быдыр ис”, — ацы ныхæстæ Зелим йæ зæрдыл йæ сабибонтæй дары.

“Ирон адæммæ "уарзын дæ" ныхас нæй, фæлæ фыдæй фырты ‘хсæн быдыр ууыл дзырдта, дæхи куыд æмбæлы, афтæ дар, фыдуаг ма кæн, хистæр-кæстæр æмбар. Æз æй афтæ уыдтон мæ фыдæй. Абон мæ ныййарджытæй уымæй дæн бузныг æмæ нæ кусын сахуыр кодтой, раст фæндагыл нæ æвæрдтой. Мæгуыр цардыстæм, æхсæз æфсымæры уыдыстæм, баззадыстæм фондзæй æмæ уыдон махæн царды мидæг цы æгъдау ныууагътой, уый стыр диссаг у. Нæ фыд-иу ныл нæ сæртæ æлвынгæйæ йæ арм куы æрæвæрдта, уæддæр-иу лæг дис кодта, куыд мæм бавнæлдта, зæгъгæ. Мæ зæрдыл хорз лæууы, æфсадæй куы ссыдтæн, уæд ме ‘мбæлттæ, Кокайты Таймураз æмæ дзæнæты бадинаг Хуыдæлты Эльбрусимæ хæдзармæ бахизгæйæ хъуыды кодтон, куыд фембæлдзыстæм мæ фыдимæ. Уый та лæууыд сарайы бын æмæ мæ куы федта, уæд йæ сæр батылдта æмæ цæхæрадонмæ ахызт. Æнæдзургæйæ дзы тынг тарстыстæм. Уый уыд ирон æгъдау, æнæуæлдай ныхасæй йын адæймаг йе ‘гъдау йæхимæ иста. Уый махæн уыд тæккæ ахсджиагдæр рахæцæн, кæд нæ фыд гыццыл фæцард, уæддæр.

Йæ кæстæры чи нæ уарзы, кæй нæ фæнды, цæмæй сын лæгъз митæ кæной, фæлæ сæ уыдон халгæ кæнынц, уæлдайдæр, лæппуйы. Арæх фехъусын мæ кæстæр Тамерланæй (авт. Стъараполы ирон культурон-рухстауæг æхсæнад "Аланийы" сæрдар), хорз кусы, зæгъгæ, фæлæ йын никуы ницы фæзæгъын. Не ‘хсæн хъæбыстæ æмæ къухистытæ никуы вæййы, æмæ уый ууыл нæ дзуры æмæ сæ мæхионыл нæ нымайын. Уый дæр ирон æгъдау у”, — зæгъы Уатайы-фырт.

**Ныхас ныффыста МАМИАТЫ Лолитæ**

“Нартиадæ”

## Фольклорон фестивал "Арфæ"

**Цæгат Ирыстоны ирон ”Нартиадæйы” азы фæлгæты 10-13 декабры цæудзæн дунеон фольклорон фестивал ”Арфæ”.**

Архайдзысты дзы Цæгат Кавказы федералон зылды, Абхаз æмæ Хуссар Ирыстоны фольклорон аивады профессионалон æмæ хихъæппæрисадон къордтæ. Программæйы ис æртæ номинацийы: "Инструменталон сфæлдыстад", "Музыкалон фольклор" æмæ "Хореографи".

Фестивалы фæлгæты 11 декабры республикæйы районты ацæудзысты хуынд коллективты æмæ районты фольклорон къордты иумæйаг концерттæ. Уыцы бон ма Культурæйы министрад æмæ Абайты Васойы номыл ЦИГИИ-ы саразæдзысты цæлхæмбырд "Фольклор нырыккон дуджы: традицитæ æмæ инновацитæ".

12 декабры 17 сахаты æмæ 30 минутыл Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары (Металлургты галуаны) уыдзæн кæронбæттæн концерт, уым фæуæлахизуæвджытæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты фестивалы дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Фенæн æй уыдзæн лæвар.

**БЕКЪОЙТЫ Ларисæ**

Æцæг хабар

## Цуанон

**Уæд иу бон Хъылци сфæнд кодта цуаны ацæуын. Йæ дыууæхстон топп йе уæхскыл баппæрста, йе ’ккойы афтид голлаг акодта æмæ хъæдмæ фæраст.**

**Хъæуы уынгты-иу йæ размæ исчи куы фæци, уæд-иу æй афарстой:**

**— Кæдæм цæуыс, Хъылци?**

**— Цуаны цæуын, цуаны, — дзуапп сын-иу авæрдта уый.**

**— Æфсатийы хорзæх дæ уæд! — зæгъгæ, йын арфæ кодтой уыдон дæр.**

**Хъылци хъæды фæауæн. Бон-изæрмæ рацу-бацу, разил-базил фæкодта æмæ — никуы æмæ ницы. Бафтыд иу æрдузмæ. Ам уал мæхи бафæсвæд кæнон, кæд дзы иу сырд уæддæр фæзынид, зæгъгæ, пыхсран æрæмбæхст æмæ æнхъæлмæ кæсы.**

**Изæрдалынгтæ кодта, афтæ Хъылци дæр**



**фæстæмæ хъæумæ æрхæццæ.**

**— Хъылци, дæ голлаг афтид куы у? — фæрсынц æй Ныхасы лæгтæ.**

**— Уæллæй, иу дæр дзы мæ размæ нæ рацыд, — дзуапп сын авæрдта Хъылци æмæ æрхуымзæрдæйæ йæ хæдзармæ ныффардæг.**

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

Алагиры районæй

## Шахтерты музей байгом

**Алагиры байгом Садоны здыйы-цинчы комбинаты музей. Уый тыххæй хъусын кодта Цæгат Ирыстоны Культурæйы министрад.**



Музейон-паркон комплексæн бындур æвæрд æрцыд 2004 азы, куыстуаты 150 азы кадæн. Бæстыхай æмæ йæ алыварс цалцæг кæныны куыстытæ конд цыдысты дыууæ хайæ: йæ уæлхæдзар, хъармгæнæн системæ, алфамбылай фæлгонц...

Куыстыты иумæйаг аргъ уыд 17 милуан æмæ 801 мин сомы. Музеймæ бацæуджытæ фендзысты архивон къамтæ, шахтерты зын, фæлæ ахсджиаг куыстыл дзурæг кусæнгæрзтæ.

## Культурæйы хæдзар цалцæггонд æрцыд

**Цаликовæйы поселочы бындурон цалцæджы фæстæ байгом Культурæйы хæдзар. Ивд æрцыдысты пъолтæ, хъармгæнæн системæ, донуадзæн хæтæлтæ, дуæрттæ, рудзгуытæ…. Сфæлгонц кодтой Культурæйы хæдзары алыварс. Культурæйы хæдзары бындурон цалцæгæн федералон æмæ республикон бюджеттæй дихгонд æрцыд 6,5 милуан сомы. Куыстытæ бакодтой национ проект ”Культурæ”-йы фæлгæты.**

**МАГКÆТЫ Зарæ**

Аивад

## Йæ царды нысан

**Ис ахæм адæм æмæ, ницы уæвгæйæ, сæ риу размæ хæссынц, æхсæнады сæ бынат агурынц, сæхицæн стыр хорзæхтæ курынц. Фæлæ, æцæг курдиатджын чи у, царды алы къабазмæ дæр йе ‘вæрæн чи хæссы, æцæг хорз хъуыддæгтæ йæ къухы кæмæн бафтыд, уыдон иуварс баззайынц. Уымæн æмæ сæм æгъдау æмæ æфсарм ис, нæ уарзынц сæхи стауын.**



Уымæн æвдисæн — хæдахуыр поэт æмæ артисткæ **Кортиаты Фатимæйы** цард æмæ архайд. Уый цас аразы аивадæн, уыдон алчи нæ зоны, уымæн æмæ йæхицæй никуы æппæлы.

Фатимæ райгуырд стыр бинонты 'хсæн Комгæроны хъæуы. Уыд иу æфсымæр æмæ цыппар хойы кæстæр. Суанг хæрз чысылæй райдыдта цыппарræнхъонтæ фыссын, скъолайы алыхуызон музыкалон конкурсты архайын. Литературæмæ та йын йæ зæрдæйы уарзондзинад равзæрын кодта йæ ахуыргæнæг **Тотраты Васили**. Кæд сæрмагонд музыкалон ахуырад нæ райста, уæддæр йæ бинонтæй чидæртæ аивадмæ цыдæр бар дардтой. Йæ фыд Сано Комгæроны хъæубæсты цы чындзæхсæвы нæ азарыдаид æмæ акафыдаид, ахæм нæ уыд. Йæ хо Ритæ ахуыр кæнынмæ бацыд аивадон училищæмæ, йæ иннæ хо Валентинæ та — музыкалон скъоламæ, фæлæ сыл æрцыд æнамонд хабар: сæ иу хо æмæ æфсымæр хæрз æрыгæттæй амардысты, æмæ уæд сæ ахуыр ныууагътой.

Фатимæ йæхæдæг дæр афæлвæрдта музыкалон училищæмæ бацæуыныл, фæлæ нæ бахауд. Кæд уый фæстæ æфсапъæйы курсытæ каст фæцис, уæддæр йæ зæрдæ æхсайдта аивадмæ, цыдæр ын нæ фаг кодта.

Музыкант æмæ поэт уыдон не сты, сæрмагонд ахуыр чи фæцис, фæлæ йæ зæрдæйы аивад æмæ поэзи кæмæн цæрынц, уыцы курдиат йæ мады гуыбынæй чи рахаста. Фатимæ, фыццагдæр, базонгæ поэт æмæ журналист **Къадзаты Станиславимæ**. Уый йæ иухатт фæхуыдта мады тыххæй радиобакастмæ. Уым Фатимæ бакаст йæхи фыст æмдзæвгæ æмæ фæцыд Станиславы зæрдæмæ. Уый базыртæ басагъта æрыгон поэтыл.

Уый фæстæ Фатимæ базонгæ Джыккайты Шамилимæ, Ходы Камалимæ, Дыгъуызты Тенгизимæ... Уыдон ын хорз аргъ скодтой йæ зарджыты тексттæн.

Кæддæр ын зарæггæнæг Æгайты Лейлæ социалон хызы йе 'мдзæвгæтæ куы федта, уæд бацымыдис. Азарыд Фатимæйы фыст фыццаг зарæг. Уый йæ ноджы сразæнгард кодта аивады бæрзæндтæм. Йæ уды бæллицтæ, æнкъарæнтæ йæ зæрдæйæ æддæмæ тырныдтой, æмæ сæ Фатимæ зарджыты хуызы адæмы размæ хæссын райдыдта. Йæ æмдзæвгæ-зарджытæ сты лирикон. Байхъусæм ын йæхимæ:

*Хуры чызгæн скодтон æз фæрдгуытæ,*
*Радта мын йæ рухс зæрдæйы хъарм.*
*Аивæзтон мæ фæндырæн йæ тæнтæ,*
*Айзæлыди амонды зæлланг...*

*"Амонды фæрдгуытæ"*

**Кæнæ:**

*Уарзтæн йæ арфмæ ды баппæрстай мæн,*
*Уарзтæн йæ цæхæрæй басыгътай мæн.*
*Уарзты фæндагыл мах иумæ цæуæм,*
*Зарджытæ, цинтæ мах иумæ хæссæм.*

*"Уарзты кæлæн"*

Радио æмæ телеуынынадæй йæ фыццаг зарæг куы райхъуыст, уæд хæдахуыр поэтзарæггæнæгимæ бастдзинæдтæ агурын райдыдтой композитортæ, зарæггæнджытæ. Фыццагдæр æм бахатыдысты Хамыхъотæ, цæмæй сын сæ мыггагыл зарæг ныффысса. Уыцы зарæгæн дæр та уыд стыр æнтыст. Зары йæ Джимиты Артур, "Мады зæрдæ", зæгъгæ.

Фатимæйы аивад йæхимæ афтæ æлвæста, æмæ кафынмæ бацыд фольклоронэтнографион ансамбл "Сатана"-мæ. Ацы ансамблæн йæ рæстæджы йæ ном республикæйы арæнтæй ахызт. Уым æрмæст кафгæ нæ кодта, фæлæ ирон цард æмæ æгъдæуттæй æвдыстой алыхуызон инсценировкæтæ горæты, стæй хъæуты. Бафиппайын хъæуы уый, æмæ кæд Кортиаты чызг музыкалон, хореографион, литературон ахуырдзинад нæ райста, уæддæр йе 'нтыстытæ æгæрон сты. Мæнæ, хæдахуыр кæй фæхонынц, ахæм.

Фатимæйы йæ куыстмæ дæрддзæф цæуын кæй хъуыд, уымæ гæсгæ "Сатана"-йæ рацыд æмæ абоны онг дæр кафы ансамбл "Хъуыбады"-йы. Æцæг, бæстæйы абоны уавæр нымайгæйæ, ныртæккæ ансамбл рæстæгмæ нæ кусы.

Кортиаты чызг уыцы иу рæстæджы кæны сфæлдыстадон куыст дæр. Йе 'мдзæвгæтыл фыст зындгонд зарджытæ йын зарынц Джимиты Артур ("О, мады зæрдæ"), Æгайты Лейлæ ("Рауай, ды мæ зæрдæ"), Медойты Зинæ ("Уарзты фæндаг"), Сечъынаты Майæ ("Сусæг уарзт"), Куындыхаты Мурат ("Рагуарзт", "Амонды фæрдгуытæ"), Персаты Тамарæ ("Дæ цинæй", "Окаянная любовь", "Тайын, тайын") æмæ афтæ дарддæр. Йе 'мдзæвгæтыл ын музыкæ фыссынц Плиты Мурат, Джыккайты Наирæ, Сергей Оганесян... Музыкæ ма арæх сæхæдæг ныффыссынц зарæггæнджытæй бирæтæ.

Фатимæ у Мæскуыйы аивадон фестивалты фондз хатты лауреат, хи фыст æмдзæвгæ аив бакæсынæй алыхуызон конкурсты цалдæр хатты уæлахиздзау. Ис æм тынг бирæ дипломтæ, Кады гæххæттытæ æмæ Арфæйы гæххæттытæ, аивады йæ алывæрсыг архайды тыххæй газетты фыст уацхъуыдтæ... Фæлæ йе стырдæр хæзна у адæмы уарзондзинад.

Кортиаты чызг ма у йæ иунæг рынчын лæппу **Лекъты Георгийæн** мад æмæ фыд дæр, стæй ахуыргæнæг. Куы йæ базыдта, йæ хъæбул рынчынæй райгуырд, уæд дзы, бирæтау, йæхи нæ аиуварс кодта, фæлæ ныр 26 азы йæ уды хъарм нывонд кæны уымæн. Георги кæд иунæг ныхас дæр нæ кодта, уæд ныр та мады уарзт æмæ архайды руаджы, кæд бынтон сæрибарæй нæ, уæддæр ныхæстæ, стæй æмдзæвгæтæ дзурын райдыдта. Уый фæдыл æрæджы сси журнал "Ногдзау"-ы республикон конкурсы уæлахиздзау, æмæ йæ дипломæй схорзæхджын кодта журналы редактор **Сæлбиты Дианæ.** Фатимæ куыд зæгъы, афтæмæй йæ царды бирæ зындзинæдтæ федта, хатгай-иу æм æрцыд йæхи марыны фæнд дæр, фæлæ-иу æй уыцы хъуыдыйæ раздæхта йæ хъæбулыл мæт, стæй аивады цин.

Кортиаты Фатимæйæн йе сфæлдыстадон хъомыс тыхджын у. Ис æм зарджытæн бирæ ног тексттæ æмæ бирæ фæндтæ. Мах та йæм æнхъæлмæ кæсдзыстæм сфæлдыстады стыр æнтыстытæм.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Диктант

# Зонындзинæдтæ сбæрæг сты

**Терчы хъазахъхъæгты æгъдаумæ гæсгæ-иу усгур йæ уарзон чызджы кæртмæ цы баппæрста? Хъазахъхъæгты чындздзон дарæс куыд хуыйны æмæ-иу бæрцытæ цæуыл хуыдтой? Республикæйы цæрджытæ Уæрæсейы хъазахъхъæгты истори, культурæ, традицитæ, цардыуаг куыд зонынц, уый сбæлвырд кодтой.**

Диктант ныффыстой республикæйы хъазахъхъæгты, национ культурон иугæндты, 58-æм Хуссайраг æфсæддон зылды 76-æм полчъы минæвæрттæ, Хæлардзинады хæдзары коллектив, 3-аг æмæ 38-æм скъолатæ æмæ Дзæуджыхъæуы Цæгат-Кавказаг арæзтадон техникумы, технологон колледжы ахуырдзаутæ. Æппæтуæрæсеон патриотон æхсæнадонрухстауæн диктант "Хъазахъхъаг диктант-2023" ацыд республикæйы Хæлардзинады хæдзары. Архайдтой дзы æмæ йæ хорзыл банымадтой: РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры фыццаг хæдивæг **Андрей Бессонов** æмæ Хæлардзинады хæдзары директор **Александр Охотников**.



— Проекты нысан у хъазахъхъаг фæсивæдон змæлд æмæ организациты архайджыты æрбангом кæнын, рæзгæ фæлтæры хъомыл кæнын нæ фыдæлты героикон традициты бындурыл, стæй уæрæсейаг хъазахъхъæгты истори æмæ культурæ Уæрæсейы цæрджыты 'хсæн æмæ фæсарæнты ахуыр, парахат кæнын. Уым архайын алкæмæн дæр йæ бон у, аст азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уыдонæн, хъазахъхъаг у æви нæу, ахуырад æм ис æви нæ, йæ социалон уавæр, цавæр диныл хæст у, уый нæ хынцгæйæ", — фæбæлвырд кодта Андрей Бессонов.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, Æппæтуæрæсеон диктант "Хъазахъхъаг диктант-2023" сарæзта Æппæтуæрæсеон хъазахъхъаг æхсæнад, Уæрæсейы хъазахъхъаг фæсивæды цæдис æмæ УФ-йы Президенты раз хъазахъхъæгты хъуыддæгты советы æххуысæй. Йæ нысан у Уæрæсейы Федерацийы уæрæсейаг хъазахъхъæгты паддзахадон политикæйы рæзты стратеги 2021-2030 азты царды рауадзын. Фарон диктантæй ссардтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты ном.

**РЦИ-Аланийы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады пресс-службæ**

Ног чиныг

## Фыццаг энциклопеди "Мæ Ирыстон"




**Цæгат Ирыстоны ацы аз 4 декабры мыхуыры рацыд фыццаг энциклопеди "Мæ Ирыстон".**

